

## **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**

#### **3.1 Métode Panalungtikan**

Sacara umum, ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif. Puseur panitén ieu panalungtikan nya éta téks jeung kontéks *manaqibSyéh Abdul Qodir Jailani*. Ulikan téks museur kana déskripsi eusi jeung idé-idé nu nyangkaruk di jerona. Sedengkeun ulikan kontéks museur kana pasualan fungsi, alat nu marengan ritual, jeung sarat ngalaksanakeun manakiban. Pikeun ngungkab ma'na nu nyangkaruk dina téks jeung kontéks, ditalaah ngagunakeun ulikan sémiotik.

Metode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta metode étnografi-déskriptif. Heigham (2009:93) nétélakeun yén panalungtikan étnografi mangrupa panalungtikan perkara paripolah manusia dina kahirupan sapopoé nu latarna (*setting*) lumangsung tuluy-tumuluy, kalawan museurkeun paniténna kana interprétasi budaya tina saban paripolah manusana. Panalungtikan étnografi ngamungkinkeun panalungtik maluruh kumaha manusia nyieun, ngajalankeun, ngarobah, jeung ngajaga kalumangsunana saban ajén-inajén, kapercayaan, jeung paripolah nu ngawujud dina wangun budaya. Sedengkeun metode déskriptif mangrupa metode pikeun ngadéskripsikeun atawa ngagambarkeun rupa-rupa fénoména, boh anu sifatna alamiah boh jijieunan atawa rékayasa, kalawan museurkeun ulikanana kana wangun, kagiatan, karakteristik, parobahan, patalina, sasaruaan, sarta bédana jeung fénoména lianna(Sukmadinata,

2009:72). Data anu aya patalina jeung téks katut kontéks *manaqib* Syéh Abdul Qodir Jailani téh dideskripsikeun, dilaksanakeunana ku cara ngagundukkeun, ngolah data, sarta nyieun kacindekan jeung laporan (Ali, 1987:130).

### **3.2 Téhnik Ngumpulkeun Data**

Data dina ieu panalungtikan dikumpulkeun ngaliwatan téhnik-téhnik dokumentasi, observasi, jeung wawancara.

1) Dokuméntasi

Téhnik dokuméntasi digunakeun pikeun maluruh bahan pustaka jeung data anu aya patalina jeung manakiban Syéh Abdul Qodir Jailani di Kacamatan Sukabumi Kabupatén Sukabumi. Hasilna ngawujud data tékstual, intertékstual, jeung sosio-kultural.

2) Observasi

Téhnik observasi digunakeun pikeun niténan fénoména-fénoména sosial nu lumangsung dina kahirupan sapopoé masarakat Kacamatan Sukabumi, Kabupatén Sukabumi, utamana perkara manakiban Syéh Abdul Qodir Jailani jeung hal-hal lianna nu pakait jeung prakték manakiban.


3) Wawancara

Dina ieu panalungtikan, wawancara dilakukeun kalawan teu *terstruktur* ku jalan niténan situasi jeung kondisi katut téma nu mekar dina prakna wawancara. Ieu hal napak dina tujuan sangkan informasi nu dihasilkeun bisa leuwih jero kalawan topik wawancara teu dipaksakeun. Ku éta hal, informan dipiharep bisa méré keterangan-keterangan kalawan bébas, euyeub, jeung teu

kaku. Topik-topik wawancara dipuseurkeun kana perkara prakték manakiban Syéh Abdul Qodir Jailani jeung hal-hal lianna nu pakait jeung prakték manakiban di Kacamatan Sukabumi, Kabupatén Sukabumi. Sedengkeun nu dijadikeun informan ngawengku para guru tarékat, kiai, ajengan, jeung masarakat umum.

### 3.3 Lokasi Panalungtikan

Panalungtikan perkara manakiban Syéh Abdul Qodir Jailani disawang tina jihat semiotik téks jeung kontéksna dilaksanakeun di wewengkon Kacamatan Sukabumi, Kabupatén Sukabumi. Dipilihna éta lokasi pangpangna didadasaran ku aksés panalungtik nu kaitung babari, utamana ka para palaku manakiban.



Gambar 3.1: Peta Kabupatén Sukabumi  
[\(<http://peta-kota.blogspot.com/2011/07/peta-kabupaten-sukabumi.html>\)](http://peta-kota.blogspot.com/2011/07/peta-kabupaten-sukabumi.html)

### 3.4 Sumber Data

Sumber data nu digunakeun dina ieu panalungtikan mangrupa data téksual jeung intertéksual. *Data téksual* nu digunakeun mangrupa téks *manaqib* Syéh Abdul Qodir Jailani, nu ngawengku:

- 1) naskah *manaqib* Syéh Abdul Qodir Jailani nu ngagunakeun basa Arab;
- 2) naskah *manaqib* Syéh Abdul Qodir Jailani nu ngagunakeun basa Sunda.

*Data intertéksual* nu digunakeun mangrupa data-data dokuméntasi nu ngawengku tulisan-tulisan para sarjana kontémporér jeung ulama patali jeung pasualan panalungtikan, kayaning buku, artikel, laporan panalungtikan, jeung kitab konéng. Data intertéksual nu digunakeun di antarana:

- 1) téks *Sirrul Asrar* (tarjamahan K.H. Zézén Zaénal Abidin Zayadi Bazul Asyhab, taya keterangan penerbitna, 1996);
- 2) buku *Intisari Ajaran Syekh Abdul Qadir Jailani* (Syékh Abdul Mughni, Pustaka Média Surabaya, taya keterangan taun terbitna); jeung
- 3) sajarah tarékat, prakték manakiban, jeung tradisi manakiban di Kacamatan Sukabumi, Kabupatén Sukabumi.

### 3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumen panalungtikan anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data anu dina ieu panalungtikan nya étaalat pangrékam jeung padoman wawancara. Alat pangrékam nu digunakeun nya éta kaméra foto jeung kaméra vidéo. Kaméra foto digunakeun pikeun ngarékam gambar statis prak-prakan manakiban Syéh Abdul Qodir Jailani. Kaméra vidéo digunakeun pikeun ngarékam gambar dinamis

(hirup) prak-prakan manakiban Syéh Abdul Qodir Jailani jeung ngarékam kagiatan wawancara panalungtik jeung sawatara nara sumber. Ari padoman wawancara digunakeun pikeun nuyun panalungtik dina prakna ngumpulkeun data ti sawatara nara sumber.

### 3.6 Nara Sumber


Narasumber atawa informan nya éta pihak-pihak anu ngarojong lancarna panalungtikan ku cara maparin informasi atawa keterangan ngeunaan hal-hal anu diperlukeun dina panalungtikan. Panalungtik kudu bisa ngungkab sawatara pertanyaan kalawan sistematis, sangkan narasumber nu diwawancara bisa ngajawab sarta ngajelaskeun kalawan jéntré tur daria. Keterangan ti sawatara nara sumber kaitung diperlukeun pisan pikeun ngungkab sacara gembleng ma'na jeung ajén-inajén nu nyangkaruk dina ritual manakiban Syéh Abdul Qodir Jailani.

Pikeun kaperluan ieu panalungtikan, pihak-pihak nu dijadikeun nara sumber téh di antarana:

- 1) sawatara kiai atawa pingpinan pasantréni réréhan TQN di Kacamatan Sukabumi, Kabupatén Sukabumi, utamana nu sok mingpin ritual manakiban Syéh Abdul Qodir Jailani;
- 2) sawatara santri pasantréni réréhan TQN di Kacamatan Sukabumi, Kabupatén Sukabumi; jeung
- 3) sawatara masarakat Kacamatan Sukabumi, Kabupatén Sukabumi, utamana nu ngalaksanakeun ritual manakiban Syéh Abdul Qodir Jailani.

### 3.7 Prosédur Analisis Data

Prosédur analisis data nu dilakukeun mangrupa téhnik analisis interaktif(Miles jeung Huberman, 1992:16), nyaéta analisis data kualitatif nu ngawengku tilu galur kagiatan: réduksi data, midangkeun data, katut nyindekkeun jeung vérifikasi, nu dilaksanakeun sacara babarengan, sakumaha bagan ieu di handap.



Bagan 3.1: Tehnik Analisis Interaktif  
(Miles jeung Huberman, 1992:16)

Saméméh dianalisis, data nu geus dikumpulkeun téh diklasifikasikeun maké téhnik-téhnik sakumaha anu geus disebutkeun di luhur. Sabada diklasifikasikeun, data diréduksi ngaliwatan prosés séléksi, museurkeun, ngabasajaneun, jeung abstraksi data kasar. Data téh diséléksi ku jalan milah-milah kalawan tujuan meunangkeun ma'na jeung fungsi nu tangtu ditilik tina puseur pasualan panalungtikan. Sedengkeun midangkeun data mangrupa hiji prosés nyusun (ngagan-

rakit) atawa ngaorganisasikeun informasi nu kapaluruh patali jeung kagiatan nyin-dekkeun jeung vérifikasi.

Kagiatan nyindekkeun jeung vérifikasi mangrupa léngkah penting dina prosés panalungtikan. Nyindekkeun hasil panalungtikan téh didadasaran ku kagiatan ngaorganisasikeun informasi nu dicangking dina kagiatan analisis data. Saba-da éta, dilaksanakeun tafsiran intéléktual kana kacindekan-kacindekan nu dicangking.

Dumasar kana masalah dina ieu panalungtikan, prosédur analisis data téh ngawengku léngkah-léngkah sakumaha ieu di handap.

- 1) Maca sakabéh data;
- 2) Ngaidéntifikasi eusi téks *manaqib* Syéh Abdul Qodir Jailani;
- 3) Ngaidéntifikasi jeung nalaah kontéks *manaqib* Syéh Abdul Qodir Jailani;
- 4) Ngaidéntifikasi tanda ikon, indéks, katut simbol dina téks jeung kontéks *manaqib* Syéh Abdul Qodir Jailani;jeung
- 5) Sangkan kacindekan panalungtikan leuwih lengkep jeung bisa dipertanggungjawabkeun leuwih jero luyu jeung udagan panalungtikan, digunakeun triangulasi. Ieu tahap dilaksanakeun ngaliwatan koréspondénsi jeung wawancara ka sababaraha narasumber.